



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 31 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON YON PRÈ FEDERAL POU \$1,6 MILYA DOLA POU PWOJÈ
POU RANPLASE PON TAPPAN ZEE**

ODYO: Gouvènè Cuomo anonse apwobasyon yon prè sou The Capitol Pressroom avèk Susan Arbetter.
[KOUTE LI LA A.](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gouvènman federal la apwouve apeprè yon prè \$1,6 milya dola ki gen ti enterè – pi gwo prè nan istwa TIFIA – pou pwojè pou ranplase Pon Tappan Zee, pou jwenn finansman enpòtan pou konstwiksyon nouvo pon an.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Apwobasyon demann Eta New York pou prè sa a se yon bon nouvèl pou anpil ak yon pakèt pasaje ki depannde Tappan Zee chak jou, pou kominote yo ki nan Pwent Sid Hudson Valley, epi pou tout eta a. Sa a se yon gwo viktwa pou Eta New York, pou kreye anpil milye djòb, epi yon apwobasyon youn nan pwojè enfastrikti ki pi dinamik nan istwa nou. Li montre malgre plis pase yon deseni reta, New York kapab kontinye konstwi gwo. Mwen di Sekretè Transpò Anthony Foxx mèsì pou travay di li poutèt li ede New York jwenn prè sa a.”

Prezidan Thruway Authority, Howard P. Milstein, di konsa, “Thruway Authority gen rekonesans pou bon kalite dirijan ak sipò Gouvènè Cuomo pou pwojè sa a, ak sipò nou te resevwa nan Prezidan Obama ak Depatman Transpò Etazini. Nou rekonèt tou devouman ak travay di ekip ki nan tout ajans federal ak ajans leta ki patisipe yo.”

Prè a fèt nan pwogram Transportation Infrastructure Finance and Innovation Act (TIFIA) (Lwa sou Finansman ak Inovasyon Enfastrikti Transpò) gouvènman federal la.

Konstwiksyon fòmèl te kòmanse depi de semèn nan dat 16 oktòb avèk enstalasyon premye pilye pèmanan k ap gen ladan fondasyon nouvo pon an. Pon an pwograme pou fini nan sèlman mwens pase senkan apati kòmansman konstwiksyon ofisyèl la pou fè li vin youn nan pi gwo pwojè konstwiksyon nasyon an pou fini nan yon tan kout konsa.

Haitian Creole

Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo epi avèk sipò Prezidan Barack Obama ak gouvènman federal la, pwojè New NY Bridge fè pwogrè pou rive nan vrè konstwiksyon an nan sèlman dezan, apre yon deseni reta. Depi mwa oktòb 2011, etap ki fèt yo gen ladan: nouvo lwa plan-konstwiksyon te adopte; pwosesis revizyon sou anviwònman ak akizisyon te fèt anmenmtan; yo te negosye yon akò travay sou pwojè a avèk sendika konstwiksyon an; epi aktivite yo te kòmanse anvan konstwiksyon an – tout avèk yon nivo transparans ak patisipasyon kominote ki pa t janm genyen anvan.

Gwo mezi ap anplas pandan tout dire pwojè a pou pwoteje anviwònman an epi pou kontwole konsekans konstwiksyon an sou kominote toupre yo.

Tappan Zee Constructors, LLC (TZC) ki fè plan an epi ki konstwi pon an. Yo se yon konsòsyòm kèk nan antrepriz plan, jeni ak konstwiksyon yo pi byen konnen nan lemonn epi ki gen pi bon repitasyon, tankou Fluor, American Bridge, Granite, and Traylor Bros., along with key design firms HDR, Buckland & Taylor, URS, ak GZA. TZC ap travay nan tèt ansanm sou pwojè a avèk yon ekip anlwaye New York State Thruway Authority ak Depatman Transpò Eta a.

Yo te diskite pou premye fwa sou plan pou yon nouvo pon pou ranplase Tappan Zee nan ane 1999, epi sou pwochen 11 ane yo, yo te depanse \$88 milyon dola nan lajan kontribiyab yo, yo te fè 430 reyinyon, yo te konsidere 150 konsèp – men pwojè a pa t vanse ditou.

Pon Governor Malcolm Wilson Tappan Zee Bridge ki la deja epi ki gen tòn te louvri pou sikilasyon an nan ane 1955 epi li se yon twonson enpòtan pou sitwayen yo, pasaje yo, vwayajè yo ak sikilasyon komèsyal la. Pon an deziyen pou sikilasyon 100.000 veyikil chak jou. Sikilasyon chak jou a te vin ogmante a apeprè 138.000 veyikil. Nan dènye ane yo, yo te depanse anpil santèn milyon dola pou antreteni fondasyon an. Gwo sikilasyon ak mank akotman pou ijans kapab kreye kondisyon ki danjere pou kondi sou pon an epi ki ka lakòz blokis souvan ak fwistrasyon pou chofè yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418